

FON IJANS SOU PREVANSYON SEZI IPOTÈK

Vil Boston te kreye yon Fon Prevansyon Sezi Ipotèk Ijans pou moun sila yo ki gen yon risk elve pou sezi ipotèk akòz enpak negatif pandemi COVID-19.

FON PREVANSYON SEZI IPOTÈK LA SE POU:

- Pwopriyetè kay Boston yo ki gen revni elijib
- Ki abite nan kay yo posede a
- E ki gen yon risk elve pou sezi ipotèk akòz enpak negatif pandemi COVID-19 la
 - E ki omwen gen 90 jou reta sou peman ki gen rapò avèk pwopriyetè kay

SI OU PANSE OU KALIFYE POU ASISTANS, OSWA SI OU GEN KESYON, TANPRI KONTAKTE YOUN NAN AJANS PATNÈ NOU YO EPI YO KA EDE W PRAN PWOCHEN ETAP YO:

- ESAC: (617) 524-2555, Ekstansyon 108 oswa sbennett@esacboston.org
- Urban Edge: (617) 989-9309 oswa fbowen@urbanedge.org
- ABCD - Mattapan: (617) 298-2045 oswa staff_mattapanfsc@bostonabcd.org

KI KONDISYON KALIFIKASYON POU RESEVWA FON YO?

1. KAY OU AN DWE GENYEN MWENS PASE 150% NAN REVNI MWAYEN ZÒN NAN POU W KA KALIFYE POU FON AN:

- 1 Moun, \$126,850
- 2 Moun, \$145,000
- 3 Moun, \$163,100
- 4 Moun, \$181,200
- 5 Moun, \$195,700
- 6 Moun, \$210,200

2. PWOPRIYETÈ KAY YO DWE NAN OMWEN YOUN NAN KATEGORI YO:

- Posede yon inite ki gen "restriksyon sou papyè kay la"
- Te aplike anvansa pou yon modifikasyon men yo te refize l
- Ou dwe yon responsab sou tit taks
- Ou dwe nan yon sezi ipotèk envèse avèk delekans nan yon kategori peman
- Gen yon delekans nan peman ipotèk ke yo te refere nan konsèy legal
- Te resevwa yon Avi oswa Petisyon akoz Lwa sou Sòlda ak Maren pou sezi ipotèk
- Posede yon kay ki gen plizyè fanmi epi ki gen lokatè ki pa peye tout oswa yon pati nan lwaye yo depi Mas 2020
- Ap asire yon ipotèk akoz yon lanmò, divòs, oswa lòt divizyon nan kay la
- Gen yon prè-ipotèk ki pa FHA, FHFA, MHP, oswa MHFA
- Gen yon risk pou l 90 jou delenkan sou nenpòt sèvis piblik

3. PWOPRIYETÈ KAY YO DWE GEN OMWEN 90 JOU RETA SOU PEMAN KI GEN RAPÓ AVÈK PWOPRIYETE KI ANNAPRÈ A:

- Peman ipotèk
- Peman enterè sou ipotèk ou
- Taks sou byen imobilye kay ou
- Peman Asirans sou kay ou
- Peman frè Asosyasyon Kondominyòm
- "Akont" sou modifikasyon prè yo
- Peman sèvis piblik yo